


Peye dèt sipò timoun nan Vil New York la de (2)  
fwa pi rapid.

# PAY IT OFF

Soti 1ye pou rive 15 Mas 2024

Plis pase 4,000 paran ki p ap viv ak timoun yo te patisipe nan pwogram Ranbousman an (Pay It Off, PIO). Rediksyon mwayèn aryere dèt yo dwe NYC DSS pou chak dosye se \$4,822.

**Konbyen dèt nou kapab retire pou ou? Aji kounye a pou w ka konnen.**



## Etap 1 Siyen yon Akò

Soumèt akò ki te ranpli, siyen an ak kopi foto idantite w soti 1ye pou rive 15 Mas pa mwayen imèl, lapòs, oswa an pèsòn. Li obligatwa pou w gen yon akò separe pou chak ka pou resevwa yon kredi.

**Voye yon imèl nan:** [dcse.cseweb@dfa.state.ny.us](mailto:dcse.cseweb@dfa.state.ny.us), pandan w ap ekri nan seksyon objè a "Pay It Off" Mete non w konplè ak Nimewo Idantifikasyon Dosye w la (egzanp, AB12345X1) oswa dat ou fèt la (dat nesans ou).

### Voye l bay:

OCSS – Pay It Off  
PO Box 830  
Canal Street Station  
New York, NY 10013

### An pèsòn:

Sant Sèvis san Randevou pou Kliyan OCSS  
151 West Broadway, 4yèm Etaj  
New York, NY 10013

Lè Biwo a louvri: Lendi pou rive Vandredi, 8è am pou rive 6è pm (sof jou konje ak wikenn yo)



Telechaje  
Akò a

## Etap 2 Fè yon peman

- [Fè yon peman](#) \$500 oswa plis pou Ranbousman soti 1ye pou rive 15 Mas. Yo dwe resevwa peman yo pou pita 15 Mas 2024 pou w ka resevwa kredi a.
- Pèman an dwe akonpanye akò a. Lè ou ap soumèt akò a yon fason ki separe, di kilè ak kòman ou ap soumèt peman an.
- Lè gen plizyè ka, soumèt yon peman separe pou chak ka.
- Fè peman yo nan non "Sant Tretman Sipò pou Timoun nan NYS (NYS Child Support Processing Center)".
- Mete Nimewo Idantifikasyon Dosye sipò timoun ou an epi ajoute "Pay It Off" (Ranbousman) sou peman ou an.



Metòd  
Pèman yo

## Etap 3 Jwenn yon korespondans dola-pou-dola pou peman kalifye

OCSS ap voye yon rezime sou desizyon li pran yo sou 4 jiska 5 semèn apre nou fin resevwa akò ak peman an (yo).

## Etap 4 Diminye dèt ou a plis ankò.

### Enskri nan Pwogram Kredi Aryere (Arrears Credit Program, ACP)

Resevwa yon rediksyon dèt inik jiska \$2,500 pou aryere yo dwe NYC DSS yo lè w aplike pou ACP soti 1ye pou rive 15 Mas 2024.

Peye obligasyon masyèl tribinal la òdone a an antye pou yon ane epi jwenn yon rediksyon jiska \$5,000 sou dèt NYC DSS ou a nan fen 12 mwa. Rete nan pwogram nan jiska twa (3) lane, epi w ap benefisye yon rediksyon total \$15,000 sou dèt ou gen pou NYC DSS la. Gade detay yo nan [nyc.gov/ocss-debt-reduction](http://nyc.gov/ocss-debt-reduction).

### Enterè Sou Jijman Lajan

Si ou fin ranbouse NYC DSS manman lajan an (Kapital) nan kad jijman lajan ou te dwe a, n ap retire enterè ou t ap gen pou w peye yo.

Gade yon egzanp sou kòman nou kapab diminye dèt la epi jwenn plis enfòmasyon sou [nyc.gov/payitoff](http://nyc.gov/payitoff).



Aplikasyon  
ACP

**Pa rate chans sa a pou diminye dèt ou an!**

**Ou genyen kesyon? Voye yon imèl nan adrès sa a [dcse.cseweb@dfa.state.ny.us](mailto:dcse.cseweb@dfa.state.ny.us), pandan w ap ekri nan seksyon objè a "Pay It Off" epi mete non konplè w ak Nimewo Idantifikasyon Dosye w la (egzanp, AB12345X1) oswa dat ou fèt (dat nesans ou).**